

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Hasil analisis naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran” nya éta: Téma anu kapanggih nya éta téma réligi anu leuwih museur kana pasualan réligi dina kahirupan moral, alur dina ieu naskah nya éta alur mérélé; tokoh anu jadi palaku dina ieu naskah aya 14 palaku, anu kabagi jadi 1 palaku utama jeung 13 palaku tambahan; latar anu kapanggih dina ieu naskah drama aya 11, kabagi kana 3 kritéria: latar sosial aya 3 (27%), latar géografis aya 5 (47%), jeung latar waktu aya 3 (27%), hartina dina ieu naskah lolobana latar anu nuduhkeun: (a) gaganti tempat, jeung (b) anu nuduhkeun ngaran-ngaran daérah di wilayah Pajajaran.; tina ieu naskah drama pangarang ngagunakeun puseur implengan persona katilu, *third person*, gaya manéhna; tina ieu naskah drama ogé kapanggih aya 17 gaya basa anu kabagi jadi sababaraha kritéria, nya éta gaya basa simile aya 3 (17%), gaya basa rarahulan aya 3 (17%), gaya basa tautologi aya 2 (11%), gaya basa lalandian aya 4 (23%), jeung gaya basa épitét aya 5 (29%) hartina dina ieu naskah aya paguneman anu nétélakeun sipat atawa ciri husus ti salasaurang..

Unsur-unsur drama dina naskah “Hutbah Munggaran di Pajajaran” dicindekkeun saperti kieu; kapanggih prolog anu pisan ngagambarkeun palaku, tempat kajadian, jeung gambaran awal lumangsungna carita; dialog dina ieu naskah drama aya 221 anu diucapkeun ku sakabéh palaku; ieu naskah diwangun ku tujuh babak; adegan dina ieu naskah aya 28 anu kabagi kana adegan beurat/hésé, adegan leutik, adegan ngiket/suspense, adegan terbuka, jeung adegan wajib. Adegan hampang aya dina adegan 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, adegan leutik aya dina adegan 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15 adegan terbuka aya dina adegan 16, 17, 18, adegan beurat/hésé aya dina adegan 19, 20, 21, 22 adegan ngiket/suspénsé aya dina adegan 23, 24, 25, 26, adegan wajib aya dina adegan 27, 28; *wawancang* kapanggih aya 32; teu kapanggih ayana *solilokui*, *aside*, jeung episode; kapanggih epilog anu mungkas carita dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”.

Tanda ikon anu kapaluruh aya 17 anu sakabéhna kaasup kana ikon imagi aya 17 (100%) hartina dina ieu naskah lolobana diwangun ku hal-hal anu mampuh nunjukeun sasaran citrawi jeung objék nu diacuna; tanda indéks aya 15 anu kabagi kana 3 kritéria, nya éta Indéks Kalakuan aya 8 (52,9%), Indéks Gejala fisik aya 3 (17,6%), Indéks Aktualisasi aya 4 (29,4%), Jadi dina ieu naskah leuwih loba indéks kalakuanna tibatan indéks nu séjén. Hartina paguneman-paguneman anu nyampak leuwih ngagambarkeun kaayaan anu ngawangun caritana; sedengkeun ikon simbol aya 11 jenis.

## 5.2 Saran

Aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

### 1) Pikeun Guru

Dina ngajarkeun pangajaran drama panalungtikan ieu bisa dijadikeun cecekelan sangkan guru leuwih teleb dina merhatikeun stratégi jeung léngkah-léngkah pangajaran, saperti: ngawanohkeun, interprétasi, jeung tahap rékréasi.

### 2) Pikeun Panalungtik

Perlu pisan diayakeun panalungtikan kana karya séjénna pikeun ngajembaran pangaweruh jeung nambahan bahan ajar.

### 3) Pikeun Bahan Pangajaran

Dipiharep panalungtikan ieu cocog dijadikeun bahan ajar dina pangajaran drama di SMA/SMK/MA.